CIVIC ACTION TEAMS

Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८२

२२ ।८ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

# एकिकृत एम्बुलेन्स सेवा सञ्चालन निर्देशिका, २०७७ अनुसार एम्बुलेन्स सञ्चालन अनुमतिके लेल जरुरी मापदण्डसभ

१. एम्बुलेन्स कोन वर्गके किनबै, तै के स्पष्ट उल्लेख कलक सम्बन्धित पालिकाके निवेदन देनाई ।




२. एम्बुलेन्स सञ्चालन अनुमती दू वाक्ष्के लेल हेतै ।

३. म्याद खतम होब सँ ३० दिन पहिले सम्बन्धित स्थानीय तह/प्रदेशके सिफारिस सहित नविकरणके लेल सम्बन्धित प्रादेशिक एम्बुलेन्स तथा पूर्व-अस्पताल व्यवस्थापन समितिमे निवेदन देव पड्त ।



४. अखन"ग" वर्गमे सञ्चालित एम्बुलेन्ससभ निर्देशिका लागू भेलाके दू वर्ष भितर स्तरोन्नती कर पड्त ।

५. एम्बुलेन्स सेवा २४सो घण्टा सञ्चालन करके लेल तैयारी अवस्थामे राख पड्त ।

६. ग्रामिण क्षेत्रमे एम्बुलेन्स सञ्चालन करैतकाल अनिवार्य रुपमे फोर व्हील ड्राईभ, पावर स्टेरिङ, सस्पेन्सन चेन सिस्टमके एम्बुलेन्स मात्रे प्रयोग कर पड्त ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/uploads/notices/Notices-20201202123325253.pdf

# नेपाल अपडेट




कोरोना त्रासके बाबजुद सेहो पोखरा लेकसाइडके हल्लनचौकमे देखलगेल विदेशी पर्यटकके चहलपहल

चित्र: अञ्जु बराल

## परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १७,९०,७३९

पोजेटिभ: २,४१,९९७

उपचाररत: १२,९४८

मृत्यु : १६१४

सन्चो भएका : २,२७,४३३




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकार लक्षण देखाएल कोभिड - १९ के रोगीके जाँच तथा ईलाज नि:शुल्क करब कहने छलै । अस्पताल त रोगीसभ सँ पैसा असुलिरहल छै त ?

लक्षण देखाएल कोभिड - १९ के रोगीके परिक्षण तथा ईलाज खर्च स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कल्र रहल छै । ईलाजके लेल सुचिकृत अस्पतालके तेहन रोगीसँ ईलाजके एवज मे शुल्क लेब नै पाओत । जँ अस्पताल रोगी आ मन्त्रालयस् दोहरा शुल्क लरहल भेटला पर अनुगमन कल्र कारवाही करत से स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय ईन्सिडेन्ट कमाण्ड सिस्टम निर्णय केने अछि।

स्रोत: https://cutt.ly/Khm9nWr



कक्षा १२ के परीक्षा देव छुटल विद्यार्थीके फेरो परिक्षा देव पाओत से बात साँच छै ?

२०७७ कार्तिक २४ गते सँ अगहन १६ गते भितर कोभिड - १९ सँ संक्रमित विद्यार्थीके संक्रमणके कारण सम्पूर्ण य किछ विषयके परिक्षामे सहभागि होब नै सकल होई तब मात्रे पुन: लेल जायवला परिक्षामे सहभागि होब पाओत । तै के लेल नेपाल सरकार सँ मान्यता प्राप्त प्रयोगशाला सँ लेलगेल कोभिड-१९ के पोजेटिभ रिपोर्ट २०७७ अगहन २६ गते भितर सम्बन्धित विद्यालयमे पेश कर पड्त ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/SCSPW5Hx7t201203013643.pdf



कोरोना बीमा दावी करैतकाल कोई कोनो कागजात मंगैत अछि त कोई कोनो । अईके बारेमे बुझवला आधिकारीक निकाय कोन छै ?

अखन कोरोना बीमा के सम्बन्धमे बहुते निर्णय आ समाचार सभ बाहर आएल छै । अई सँ सेहो बीमा दाबी करवला आदमीसभमे दुविधा बढल छै । अई अवस्थाके मध्यनजर करैत बीमा समिति बीमा दाबीके सम्बन्धमे जानकारी, परामर्श आ शिकायत सुनवाईके लेल टोल फ्रि नन्बर १६६०-०१-५६७८९ सञ्चालनमे अनने अछि । तहिना कल्रक तीनकोई सम्पर्क व्यक्ति सेहो तोकने छै । विस्तृत विवरण निचाके लिंकमे देलगेल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/ahm5OCu



कोभिड - १९ के कारण वैदेशिक रोजगारी सँ अपने खर्चमे फिर्ता आएल आदमीके सेहो सरकार सँ हवाई टिकट बापत खर्च भेल रकम फिर्ता भेटतै कहादन । कि ई बात साँच छै ?

हँ ? सरकारद्वारा उद्धार करवला मापदण्ड भितर परल, लेकिन, सरकारके उद्धार कर सँ पहिलेही अपने खर्चमे स्वदेश फिर्ता आएल आदमीके नियमानुसार हवाई टिकट बापत खर्च भेल रकमके सोधभर्ना सरकार सँ पाओत । तै के लेल कोभिड - १९ के संक्रमणके कारण वैदेशिक रोजगारीके क्रममे नि:सहाय भेल नेपाली कामदारके उद्धार कल्रक स्वदेश फिर्ता कर सम्बन्धी निर्देशिका, २०७७ (निचाके लिंकमे देख सकैछी) के अनुसुची ३ अनुसार कागजात आ निवेदन वैदेशिक रोजगार विभागमे पेश कर पड़ैत छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/KhlOJyh

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,५८,७१३ | १,४४,३६९ | ८७,९३० | १,३९,९०८ | १,७६,४२९ | १,२४,८८६ | ७२,६९४ | ३८,१६१ |
| नेपाली संक्रमित | ५,२५० | २,१५० | ४५१ | २७,४१२ | ४,५०० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८४ | १२ | ३ | १८ | ३९ | १ | | |

(कुवेत column prints "मृत्यु भएक नेपाली")

| | |
|---|---|
| (orange) | गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली |
| (teal) | गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या |
| (red) | गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या |
| (black) | गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली |



स्रोतः https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यूएईके पिसिआर परीक्षण, नेपाल स्थीत कतारके भिषा केन्द्र आ बहराईके आममाफी सम्बन्धी जानकारी

### यूएई

यूएईके अबुधाबीमे आब पिसिआर परीक्षण कर जम्मा ८५ दिरहाम मात्रे लगै छै । ई सुविधा सरकारी अस्पतालसभ उपलब्ध कराओत ।

### कतार

नेपालमे रहल कतार भिषा सेन्टर एहि डिसेम्बर १० तारीख सँ अपन सेवा सुचारु करत से जनौलक अछि । कोभिड - १९ शुरु भेलाके बाद कतारके लेल नयाँ भिषामे रोक संगे कतार भिषा केन्द्र (QVC) बन्द छलै ।

### बहराईन

बहराईनमे अखन आममाफी चैलरहल छै । ई आममाफीमे बहराईनमे अवैधानिक रुपसँ रहलके देश छोडीक अपन देश फिर्ता जालसकैत अछि । तहिना कलक हुनकासभके अवैधानिक सँ वैधानिक होबके रस्ता सेहो खुल्ला कएलगेल छै । ई अवसर ३१ डिसेम्बर, २०२० तक रहल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च



# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल आषाढ अन्त्य तक वीरेन्द्रनगर नगरपालिका कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे केने खर्चके विवरण




वीरेन्द्रनगर नगरपालिका सँ उपलब्ध कराएलगेल विवरण अनुसार, ऊ कोरोना रोकथाम, नियन्त्रण तथा प्रतिकार्यमे करिब ६ करोड रुपैया खर्च केने अछि । उपरके रेखाचित्रमे प्रस्तुत कएलगेल अलगे अलगे खर्च शिर्षक सँ किछ प्रश्न खड़ा करैत छै । क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन, मसलन्द आ दवाईमे भेल खर्च तुलनात्मक रुपसँ खाद्यान्न आ राहत वितरण सँ कमे छै । राहत वितरणमे मात्रे जम्मा करिब २ करोड २६ लाख खर्च भेल छै । सरकारद्वारा प्रतिघर उपलब्ध कराएल गेल औषत राहत रकम रु. १२५० सँ तुलना करबै त, वितरण कएलगेल रकम वीरेन्द्रनगर नगरपालिकाके ७६% घरधुरीके वितरण कर पुगतै । जे कि अप्रत्यासित रुपमे बेसी होईछै । तसर्थ, एकरा पारदर्शी बनाब प्रति व्यक्तिके कते रुपैयाके दर सँ जम्मा कते घरधुरीके राहत वितरण कएल गेलै कहिक विस्तृत विवरण सार्वजनिक केनाई जरुरी छै । तहिना कलक, आरो शिर्षकमे भेल खर्च मसलन्द, क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन आ आईसोलेशन बनाबके खर्च सँ बेसी छै । तै कारण प्रष्ट विवरण सार्वजनिक केनाई जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## मञ्जु देवी गुरुङ

उप-प्रमुख, पोखरा महानगरपालिका

"जतत्त त्रास बैढ्रहल अवस्थामे एकटा नागरिक सँ सेहो जिम्मेबारीमे रहल व्यक्तिके दायित्व बुझिक काम केलौ । हरेक क्वारेन्टाइनमे हरेक दिन पुगैछलौ । विशेष कलक, जनानी भेल क्वारेन्टाईनमे गर्भवती जनानीके खानपान आ समुदायमे भेल प्रसौती जनानीसभके प्राथमिकतामे राखीक जरुरी सामान अपने जालक प्याकेज बनाक वितरण केलौ । कठिन परिस्थितिमे सेहो घरघरमे पहुँच कल व्यक्तिगत बैठक राखीक परामर्श देलौ । सावधानीके बावजुद हम अपने कोरोना संक्रमित भेलौ । कोरोना के सामान्य नै सोचु । अईसँ होबवला पीडा आ दुखाई बहुते कष्टकर होईछै । "

## आरती गुरुङ

स्टाफ नर्स, गण्डकी मेडिकल कलेज, पोखरा



"कोरोनाक रोगीके ईलाज करैत गेला सँ डर सेहो कम होईत गेल । कोरोना संक्रमित रोगीये के देख पर्लाके कारण हुनकासभके देखरेख संगे अपनाआपके सेहो सुरक्षित रहपड्मे चूनौती छलै । १२ घण्टातक शौचालय जाय नै पेला सँ आ समयमे खाना खायके समय नै भेटला सँ अपने बिमार भळजाएब कि जेना लगैछल । शुरुके किछ समय व्यवस्थापनके अभाव आ काम करवला कर्मचारकि कमीके कारण सँ किछ दिक्कत भेल छल । हम अखनो सेहो अस्पतालेके क्वारेन्टाईन मे रहि कल कोरोना के रोगीके देखरहल छी । आब ४ दिनबाद पिसिआर कराक रिपोर्ट निगेटिभ आएत तब मात्रे घर जायके विचारमे छी । "



## सरिता कुमरी थारु

सरसफाई कर्मचारी, नोवेल अस्पताल, बिराटनगर

"अई महामारीके समयमे, विशेष कलक शुरुके दिनमे काम केनाई एकदमे डरावना छलै । बिचमे एक बेर हमरा बोखार लागल तैया काममे जेनाई नै छोड्लौ । लेकिन, हमरा हमर घरमे भेल छोटका बेटा आ परिवारके चिन्ता छल । ओही समयमे हम असगरे रहलौ । सौभाग्यवस हमरा किछ नै भेल । हम अखनो ओहिनाही काम कलरहल छी । लेकिन, हमरा भेटवला पारिश्रमिक के आधा मात्रे पाबीरहल छी । हमरालग दोसर कोनो विकल्प नै अछि । अई सँ हमरा जीवन निर्वाह करमे दिक्कत भळरहल अछि । हमरा नै बुझल अछि, सरकार अथवा, अस्पताल प्रशासनसभ हमरा जेहन कामदारके बारेमे किछ योजना बनेने छै की ? "

accountabilitylab NEPAL

सही
सूचना

# नेपालमे २०-४० वर्ष उमेर समुहमे संक्रमण बेसी

## नेपालमे उमेर समुह अनुसार कोभिड - १९ संक्रमितके संख्या




उपरके रेखाचित्रमे नेपालमे उमेर समुह अनुसार कोभिड - १९ संक्रमितके संख्या देखाएल गेल छै । २० सँ ४० वर्ष उमेर समुहमे बेसी संक्रमण देखाएल छै । लेकिन, सब उमेर समुहमे जनानीसभमे मुदा संक्रमण कम देखाएल छै । तहिना कलक बेसी जोखिम वर्गमे परवला धियापुता आ ज्येष्ठ नागरिकमे सेहो तुलनात्मक रुपमे संक्रमण कम देखलगेल छै । अखनतक जम्मा संक्रमित मे सँ जम्मा १२ प्रतिशत मात्रे जोखिम वर्गमे परवला आदमीसभ (१० वर्ष सँ कम आ ६० वर्ष सँ बेसी उमेर समुह) रहल छै । एते होईतो बेसी मृत्युदर मुदा अहि उमेर समुहमे परवला व्यक्तिसभके छै । तसर्थ, अई उमेर समुहके व्यक्तिसभके अखनो सुरक्षित भेनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219